

Yon fwa politik sa a enprime, yo p ap konsidere l se yon dokiman ki kontwole. Tanpri revize vèsyon elektwonik politik sa a pou dokiman ki pi resan an.

**LEE HEALTH
POLITIK AK PWOSEDI**

ASISTANS FINANSYE		NIMEWO LOKALIZASYON	
KATEGORI	<input type="checkbox"/>	Tout sistèm lan - Yon deklarasyon ofisyèl ki gen valè, entansyon (politik), ak atant (pwosedi) ki aplike a tout anplwaye pa mwayen sistèm lan.	CHAPIT: M05
	<input checked="" type="checkbox"/>	Miltidisciplinè/Entèdisiplinè - Yon deklarasyon ofisyèl ki gen valè, entansyon (politik), ak atant (pwosedi) ki aplike ak plis pase yon kategori epi ki jeneralman de nati klinik. Tcheke anba a tout domèn sa ka aplike.	TAB: 00
	<input type="checkbox"/>	Miltidisciplinè/Entèdisiplinè - Yon deklarasyon ofisyèl ki gen valè, entansyon (politik), ak atant (pwosedi) ki sèlman la pou yon depatman patikilye oswa yon group moun ki nan yon depatman oswa plizyè kote ki pa afekte okenn lòt divizyon.	POLITIK #: 190

Disiplin / Zòn kote politik entèdisiplinè sa aplike:		
<input type="checkbox"/> Jesyon Enfòmasyon sou Sante <input type="checkbox"/> Sèvis Anviwònmanal <input type="checkbox"/> Sistèm Enfòmasyon <input type="checkbox"/> Laboratwa <input type="checkbox"/> Sèvis legal <input type="checkbox"/> Nitrisyon <input checked="" type="checkbox"/> Biwo	<input type="checkbox"/> Famasi <input type="checkbox"/> Operasyon sou Plant <input type="checkbox"/> Radyoloji <input type="checkbox"/> Sèvis Reyabilitasyon <input type="checkbox"/> Respiratwa <input type="checkbox"/> Sekirite Piblik <input checked="" type="checkbox"/> Anrejistreman	<input type="checkbox"/> Enfimiyè Lopital Swen Entansif <input type="checkbox"/> Sèvis pou Pasyan ki pa entènè <input type="checkbox"/> Sante a Domisil <input type="checkbox"/> Sèvis Enfimiyè ki Kalifye <input checked="" type="checkbox"/> Biwo Fizisyen yo <input type="checkbox"/> Lopital pou Reyabilitasyon

Dat Orijinal: 11/15	Revize/Pa gen Okenn Revizyon: 1/18	Dat Revize: 1/19, 3/19, 1/21	Pwochen Dat pou revize: 1/23
Moun ki fè l (yo): Anne Rose; Jason Mather			

Moun ki revize a:	Dat:
Konsèy sou Pratik Klinik:	Dat:
Konsèy sou Edikasyon Klinik	Wi: Non Fini ak Edikasyon:
Bezwen yon Plan Edikatif:	<input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> Dat:

Moun ki apwouve a:			
Administratè Politik:	Anne Rose, Vis Prezidan, Sik Revni	Dat:	1/18/2021

Jan sa Nesesè:		
	Dat:	

OBJEKTIF:
 Pou etabli kritè ak pwosesis Lee Health ofri asistans finansye ak pasyan ki elijib yo.

Yon fwa politik sa a enprime, yo p ap konsidere l se yon dokiman ki kontwole. Tanpri revize vèsyon elektwonik politik sa a pou dokiman ki pi resan an.

Definisyon:

Swen Medikal Ijans - Swen pou trete yon maladi ki manifeste tèt li atravè sentòm ki grav anpil (ki gen ladann tou yon doulè ki grav) tankou absans swen medikal sou plas kapab bay kòm rezilta: pwoblèm grav nan fonksyonman kòporèl oswa yon disfonksyonman grav tout ògàn oswa yon pati nan kò a, oswa mete lavi moun sa an danje.

Frè de Baz - Frè total yo nan tarif lopital ki an chaj tabli pou disponiblite sèvis swen pasyan avan yo aplike dediksyon nan revni yo.

Swen Medikal Nesesè - Swen medikal ki swiv kondisyon sa yo: (a) ki nesèsè pou pwoteje lavi, pou prevwa maladi grav oswa andikap grav, oswa pou redui doulè ki grav; (b) endividyalize, espesifik, epi konfòm ak sentòm oswa dyagnostik konfime pou maladi a oswa blesi ki ap resevwa tretman an, epi ki pa depase bezwen pasyan an; (c) ki konfòm ak estanda medikal pwofesyonèl jeneralman jan pwogram Medicaid lan mande li, ki pa ni eksperimental ni fèk kòmanse; (d) ki parèt menmjan ak nivo sèvis ki ka bay san kè sote, epi ki pa gen okenn tretman pi efikas pase li epi ki pi dirab ak mwen chè nan tout eta a; epi (e) ki bay nan yon fason ki pa fèt prensipalman pou pasyan an, moun ki ap pran swen pasyan an, oswa founisè a. Definisyon sa de "swen medikalman nesèsè" a se menm ak definisyon ki refere nan Florida Administrative Code Rule 59G-1.010 ki ap gouvène pwogram Medicaid nan Florida, epi Definisyon Règleman Medicaid nan Florida.

Sèvis sa yo pap konsidere tankou "swen medikalman nesèsè" pou objektif règleman sa san yon fizisyen pa sètifye sèvis yo se swen medikalman nesèsè jan sa defini pi wo a:

- Sèvis Kosmetik
- Sèvis ki gen Rapò ak moun ki Obèz
- Sèvis o Chwa
- Sèvis yo pa bay nan batiman lopital Lee Health
- Sèvis yo jije ki pa kouvri nan Medicare, kit yon pasyan ta kouvri nan Medicare oswa non

Zòn Sèvis Prensipal - Konte Lee, Charlotte, Collier, Glades ak Konte Hendry nan Florida

Ki pa Asire - Yon pasyan ki pa gen okenn nivo asirans ni asistans yon twazyèm pati pou ede li atenn obligasyon pèman li yo.

POLITIK:

Règleman Asistans Finansye Lee Health ("FAP") aplikab pou swen medikal ijans ak swen medikal ki nesèsè ki bay pa Lee Health nan yon anvwonman lopital, epi li gen ladan sèvis doktè Lee Physician Group yo bay pasyan ki entène lopital oswa pasyan sal dijans lopital yo. FAP a pa aplikab pou swen Lee Health bay andeyò anvwonman lopital la, tankou vizit nan biwo doktè Lee Physician Group yo. Medsen tretan Lee Health pa anplwaye yo kapab oswa pa kapab ofri rabè sou asistans finansye.

Ou ka jwenn yon lis konplè ki idantifye doktè ki garanti epi ki pa kouvri pa FAP nan <http://www.leehealth.org/businessoffice/financial-assistance.asp>. Ou dwe mande yon kopi lis fizisyen yo sou papyè pandan w ap rele Biwo Santral la nan 1-800-809-9906. Yo mete lis sa ajou omwen chak trimès.

Yon fwa politik sa a enprime, yo p ap konsidere l se yon dokiman ki kontwole. Tanpri revize vèsyon elektwonik politik sa a pou dokiman ki pi resan an.

Pasyan yo elijib pou yon asistans finansye pa mwayen FAP sof si yo jenere yon nivo antre ki aplikab ak:

- a) Yo pa asire;
- b) Yo Rezide nan zòn sèvis prensipal Lee Health lan;
- c) Yo bay Lee Health enfòmasyon ki nesèsè sou finans kay la; ak
- d) Yo resevwa sèvis nan youn nan batiman lopital Lee Health yo (Rehabilitation Hospital, Cape Coral Hospital, Golisano Children's Hospital, Gulf Coast Medical Center, HealthPark Medical Center ak Lee Memorial Hospital).

Asistans finansye jeneralman pa disponib pou:

- a) Kontribisyon Asirans
- b) Franchiz asirans
- c) Moun ki pa respekte kondisyon rezonab asirans la tankou jwenn otorizasyon oswa referans
- d) Moun ki refize itilize avantaj yon asirans
- e) Moun ki abite andeyò zòn sèvis prensipal Lee Health la

Kèlkeswa kalifikasyon yon pasyan anba FAP a, Lee Health ap bay, san diskriminasyon, swen pou kondisyon medikal ijans (nan sans seksyon 1867 Lwa Sekirite Sosyal la.) Lee Health p ap angaje li nan okenn aksyon ki pwal dekouraje yon moun nan chèche swen medikal ijans. Yon prim asistans finansye pa retire dwa Lee Health genyen pou aksepte pèman ki soti nan lòt sous, tankou asirans, règleman sou responsabiltè, ak jijman. Pou ajoute, Lee Health kenbe diskresyon pou bay pasyan ki abite andeyò zòn sèvis prensipal li a asistans finansye.

METÒD POU APLIKE

Chak pasyan genyen opòtinite pou aplike pou asistans finansye nenpòt lè pandan dire relasyon li avèk Lee Health:

- a) Avan tretman;
- b) Pandan tretman; ak
- c) Jiskaske kont li an rezoud.

Yo mande pou pasyan yo ranpli Aplikasyon Asistans Finansye Lee Health lan ("FAA") epi soumèt enfòmasyon yo mande yo. Yo mande pou pasyan yo remèt FAA an ak enfòmasyon yo nan yon delè 15 jou depi yo te anrejistre nan lopital la. FAA a disponib sou entènèt la nan <http://www.leehealth.org/businessoffice/financial-assistance.asp>.

Yon FAA ki byen ranpli epi ki akonpanye ak yon atestasyon ki siyen kapab akseptab pou yon dokiman ki pwouve revni sof si Lee Health, nan tout diskresyon li, mande dokiman kòm prèv. Lee Health kapab mande nenpòt nan dokiman kòm prèv pou pasyan an oswa nan kay pasyan an:

Yon fwa politik sa a enprime, yo p ap konsidere l se yon dokiman ki kontwole. Tanpri revize vèsyon elektwonik politik sa a pou dokiman ki pi resan an.

- a) Fich pèman
- b) Deklarasyon taks sou revni
- c) Deklarasyon labank ki montre depo nan kont chèk oswa kont epay
- d) Verifikasyon alekri sou salè ki soti nan men patwon
- e) W-2
- f) Verifikasyon alekri ki soti nan yon ajans gouvènmantral ki sètifye revni pasyan an
- g) Deklarasyon sipò nan men yon zanmi lè revni deklare a se \$0
- h) Rapò sou kredi
- i) Dokiman ki pwouve pasyan an abite nan zòn prensipal sèvis Lee Health lan

Si w pa bay dokiman prèv yo, sa pa anpeche Lee Health bay asistans finansye, nan sèl diskresyon li.

Pasyan ki deklare yo ap travay ak tèt yo dwe bay revni sou taks pèsonèl yo ak pa biznis lan sou dènye 12 mwa avan dat yo pran sèvis nan kad demand yo pou yon asistan finansye.

Lee Health kapab chèche konnen pou verifye revni, pandan lap tcheke istorik kredi pasyan an. Yo ap konsidere tout aplikasyon yo. Efò anlès ap fèt pou detèmine kalifikasyon pou yon asistans nan ka kote aplikasyon yo pa byen ranpli. Kalifikasyon kapab baze sou enfòmasyon ki soti nan rapò sou kredi oswa nan enfòmasyon sou finans ki te bay deja, dyagnostik, ak rapò sou pèman ki te fèt deja.

Pasyan yo konnen ki itilize tout benefis Medicaid yo oswa ki kapab vin sanzabri kapab elijib pou resevwa asistans finansye. Sipozisyon sa a ka baze sou enfòmasyon yo jwenn nan Ajans pou Administrasyon Swen Sante Florida (pa egzanp, sou pòtay Entènèt Ajans lan oswa Sistèm Enfòmasyon sou Jesyon Medicaid) oswa atravè lojisye faktirasyon Lee Health. Konsantman pou asistans finansye an ka dire rive jiska 30 jou apre yon aplikasyon ak tout dokiman anlès yo soumèt.

Pasyan ki kalifye pou asistans finansye yo ap rete elijib pou yon peryòd rive jiska 180 jou. Apre 180 jou an, dokiman ki mete a jou ap nesèsè pou detèmine pou konbyen tan ou ap elijib. Estimasyon ak konsèy sou asistans finansye ap disponib sou demand avan oswa apre ou reswa sèvis yo.

Moun ki bezwen asistans pou pwosesis aplikasyon an kapab kontakte Biwo Sèvis Finansye Pasyan yo nan 1-800-809-9906

ASISTANS FINANSYÈ KI DISPONIB AK KRITÈ POU ELIJIB

Lee Health ofri asistans finansye prensipalman sou de fòm: (1) asistans finansye ki baze sou revni pasyan an, ak (2) rabè ki disponib pou pasyan ki pa asire.

Yon fwa politik sa a enprime, yo p ap konsidere l se yon dokiman ki kontwole. Tanpri revize vèsyon elektwonik politik sa a pou dokiman ki pi resan an.

1. Asistans Finansye ki bay sou Baz Revni

Si revni yon pasyan pi ba pase 400 pousan nivo povrete federal la, pasyan an ka kalifye pou kèk mwayen asistans finansye. Lee Health kenbe diskresyon pou li bay asistans finansye ak yon pasyan ki tonbe anba estanda nivo revni an.

Revni Pasyan an	Kantite Asistans Finansye an
Nan oswa pi ba pase 200 pousan nivo povrete federal la	Pasyan an elijib pou 100 pousan asistans finansye (yo rele l tou "swen charite") epi frè lopital yo ak frè Lee Physician Group ki gen rapò ak swen lopital pou Lee Health yo konplètman anile.
Ant 201 ak 400 pousan nivo povrete federal la	Pasyan an elijib pou 80 pousan rediksyon sou frè de baz yo nan lopital Lee Health yo ak frè Lee physicians Group sou swen lopital yo, nan yon lòt fason nou kapab di, pasyan an ap peye 20 pousan frè de baz yo.
Responsablite pasyan an pou frè lopital yo depase 25 pousan revni kay la men revni kay la pa depase kat fwa nivo povrete federal pou yon fanmi ki gen kat moun.	Pasyan an elijib pou 100 pousan asistans finansye ak frè lopital yo ak frè Lee Physician Group ki gen rapò ak swen lopital pou Lee Health yo konplètman anile.

Rabè ak ajisteman sa yo pa aplikab pou founisè ki pa gen kontra oswa nenpòt kont ki se rezilta yon aksidan, reklamasyon responsablite, oswa lòt aksyon ki mande pou genyen yon règleman legal. Anplis de sa, rabè sa yo pa dwe aplike jiskaskè tout sous pèman twazyèm pati sou yon kont yo te idantifye ak aplike.

2. Asistans Finansye ki Baze sou Revni pou Pasyan ki ap Swiv Trètman Aktif sou Kansè

Si revni yon pasyan pi ba pase 400 pousan nivo povrete federal la; epi pasyan an ap swiv trètman aktif sou kansè, pasyan an ka kalifye pou kèk mwayen asistans finansye. Lee Health kenbe diskresyon pou li bay asistans finansye menm ak yon pasyan ki tonbe anba standa nivo revni an.

Revni Pasyan an	Kantite Asistans Finansye an
Nan oswa pi ba pase 400 pousan nivo povrete federal la	Pasyan an elijib pou 100 pousan asistans finansye (yo rele tou "swen charite") epi frè lopital yo ak frè Lee Physician Group ki gen rapò ak swen lopital pou Lee Health yo konplètman anile, ki gen ladan balans ki rete apre asirans sof si lalwa entèdi sa.

Yon fwa politik sa a enprime, yo p ap konsidere l se yon dokiman ki kontwole. Tanpri revize vèsyon elektwonik politik sa a pou dokiman ki pi resan an.

Rabè ak ajisteman sa yo pa aplikab pou founisè ki pa gen kontra oswa nenpòt kont ki se rezilta yon aksidan, reklamasyon responsablite, oswa lòt aksyon ki mande pou genyen yon règleman legal. Anplis de sa, rabè sa yo pa dwe aplike jiskaske tout sous pèman twazyèm pati sou yon kont yo te idantifye ak aplike.

3. Rabè pou Pasyan ki Pa Asire

Si yon pasyan ki pa asire epi ki pa kalifye pou Asistans Finansye ki bay sou Baz Revni, Lee Health ap ofri yon rabè de 25% sou frè total la.

BAZ POU KALKILE KANTITE YO JENERALMAN FAKTIRE

Lè yon pasyan kalifye pou yon asistans finansye ki pi ba pase 100 pousan frè prensipal yo jan sa endike anwo a, frè sa yo pasyan an responsab yo pap depase kantite ki jeneralman faktire pou moun ki gen asirans ki kouvri swen sa yo ("AGB").

Lee Health itilize metòd "gade-dèyè" a pou kalkile AGB an pou batiman lopital yo. AGB an se kantite maksimòm ki ap kolekte nan men yon pasyan ki elijib pou yon asistans finansye anba règleman Asistans Finansye an. Pousantaj AGB an baze sou reklamasyon otorize pa Medicaid, Medicaid ak asirans medikal prive yo siperyè a yon peryòd 12 mwa, divize pa chaj prensipal ki asosye pou reklamasyon sa yo. Ou kapab jwenn kalkil pou AGB an sou <http://www.leehealth.org/businessoffice/financial-assistance.asp>.

AKSYON KOLEKSYON

Akòde asistans finansye toujou preferab pase pran aksyon pou kolekte balans pasyan ki te pase yo. Lee Health pral pran mezi rezonab pou detèmine kalifikasyon yon pasyan anba FAP. Etap sa yo se pale sou FAP nan moman enskripsyon an, fè materyèl pou aplike yo disponib nan zòn enskripsyon lopital ak sou entènèt la, epi ofri konseye finansye. Men pasyan yo dwe patisipan ki aktif pandan pwosesis aplikasyon an epi soumèt dokiman ki mande yo pou akonpanye aplikasyon yo an.

Si pasyan yo pa aplike oswa pa kalifye pou yon asistans finansye epi yo pa peye balans yo, yo pral voye kont lan nan yon ajans koleksyon. Pasyan yo ap resevwa yon lèt, anplis deklarasyon final yo, pou enfòmasyon yo yo voye kont yo an nan yon ajans koleksyon. Pasyan gen senk jou ouvrab pou reponn konsènan lèt lan avan aksyon koleksyon yo kòmanse. Pandan Lee Health ka refere kont yo bay yon ajans koleksyon pou plis efò koleksyon, Lee Health pa angaje nan aksyon ekstrawòdinè pandan li ap vann kont sa yo bay ajans koleksyon yo.

Lee Health kapab pote aksyon legal kont yon pasyan ki pa kalifye pou yon asistans finansye epi ki gen ase mwayen pou kouvri balans ki poko peye nan yon peryòd ki depase 120 jou. Yo pap pran aksyon legal jiskaske konseye legal entèn Lee Health apwouve sa, epi pasyan an pral resevwa yon avi 30 jou anvan yo pran aksyon legal. Aksyon legal sa yo ka gen ladan yo pwosè sivil, ak sezi sou salè. Nan sikonstans limite, ak kote lalwa pèmèt sa, Lee Health ka refize (oswa mande pou peye anvan yo bay) swen ki pa swen ijans pou yon moun ki pat peye youn oswa plizyè frè pou swen nan men Lee Health. Lee Health ka fè reklamasyon tou nan pwosedi fayit ak byen imobilye epi pouswiv privilèj jan lalwa gouvènman pèmèt li.

Biwo Sèvis Finansye pou Pasyan Lee Health la, nan konsiltasyon ak Depatman Sèvis Legal la, genyen otorite final pou detèmine si Lee Health te fè efò rezonab pou detèmine kalifikasyon nan FAP avan yo kòmanse antre nan kolekte lajan.

Yon fwa politik sa a enprime, yo p ap konsidere l se yon dokiman ki kontwole. Tanpri revize vèsyon elektwonik politik sa a pou dokiman ki pi resan an.

Si yon pasyan kalifye pou asistans finansye a epi yo retire yon ont kòm depans pou charite, li pap konsidere tankou yon move dèt.

PIBLIKASYON FAP

FAP sa a, ansanm ak FAA a ak yon rezime FAP nan lang klè, pral pibliye nan tout kominote Lee Health sèvi a, an konfòmite total ak Règleman Depatman Trezò Ameriken an. Lee Health ap mete menm materyèl ak notifikasyon obligatwa sa yo disponib an Espanyòl, Kreyòl Ayisyen, Alman, ak lang matènèl kèlkeswa gwoup ki gen yon popilasyon ki depase 1000 moun oswa (5% kominote Lee Health lan sèvi a.

Moun ki gen kesyon sou Règleman Asistans Finansye kapab rele yon konseye finansye nan 1-800-809-9906. Enfòmasyon sou règleman Asistans Finansye disponib tou sou <http://www.leehealth.org/businessoffice/financial-assistance.asp>.